# <u>आकाशवाणी, गोरखपुर</u>

**दिनांक–01 जून 2025** **भोजपुरी समाचार**

उप राष्ट्रपति जगदीप धनखड़ कहले हवे कि लोकमाता अहिल्याबाई होल्कर क जयंती एगो तारीख नाही बलुक एगो जीवन दरसन हवे। अहिल्याबाई होल्कर  धरम अउर संस्कृति क रक्षा त कइबे कइलीन, ओहां के महिला ससक्ति करण के क्षेत्रों में प्रतिमान स्थापित कइले हइनिं। उप राष्ट्रपति आजु आगरा में लोकमाता अहिल्याबाई होल्कर क जन्म त्रिशताब्दी बरिस के मौका पर आयोजित संगोष्ठी के संबोधित करत रहले। येह मौका पर उहां के प्रदेस क मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ के कार्यकाल क सराहना करत कहली कि–

**आज उत्तर प्रदेश का मतलब है सुशासन। कानून का राज। और, बिना कानून के राज के कोई भी विकास संभव नही है।**

संगोष्ठी के संबोधित करत मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ कइलें कि अहिल्याबाई होल्कर के कार से प्रेरित होके डबंल इंजन क सरकार कई गो योजना चला रहलि हवे। येह मौका पर उप राष्ट्रपति क पत्नी सुदेश धनखड़, हरियाणा क राज्यपाल बंडारू दत्तात्रेय, केन्द्रीय मंत्री एसपी सिंह बघेल के लेके  कई गो जन प्रतिनिधियो मौजूद रहलें।

**********

ऑपरेशन सिंदूर के तहत आतंकवाद के खिलाफ भारत क मजबूत नजरिया फरियावे बदे, सांसदन क सात गो सर्व दलीय सिष्टमंडल कई गो देसन के दौरा पर हवें। येह क्रम मे सिष्टमंडल के साथे लंटन पहुंचल भाजपा सांसद रवि शंकर प्रसाद कहलें कि हम वैश्विक मंच पर आतंकवाद के मामिला पर भारत क पक्ष मजबूती से रखिब।

**********

ऑपरेशन सिंदूर के सफलता क खुसी मनावत राष्ट्र भारतीय सैनियकन के बीरता के सलाम करेला। ससस्त्र बलन के प्रति सम्मान अउर कृतज्ञता के भावना से आकाशवाणी समाचार विशेष श्रृंखला प्रस्तुत कई रहल हवे। आजु हम परमवीर चक्र विजेता लांस नायक करम सिंह के याद कइ रहल हइं, जे 1947–48 के भारत–पाकिस्तान युद्ध के दौरान सर्वोच्च बलिदान दिहले रहलें। **(डिस्पैच–संवाददाता) 14**

**1915 में पंजाब में जन्मे लांस नायक करम सिंह 1941 में सिख रेजीमेंट में भर्ती हुए। 1948 के भारत–पाकिस्तान युद्ध में टीथवाल की लंबी लड़ाई के दौरान लांस नायक करम सिंह ने अहम भूमिका निभाई। 13 अक्टूबर की रात लेंस करम सिंह की चौकी पर भारी गोलाबारी के साथ दुश्मन ने एक बड़ा हमला किया। संख्या में बहुत कम होने और गोला बारूद की कमी के बावजूद उन्होंने दुश्मन के कई हमलों को विफल कर दिया। अपने साथियों को दुश्मन को मुंहतोड़ जवाब देने के लिए उन्हें प्रोत्साहित करने और दुश्मन पर ग्रेनेड से हमले करने के लिए लांस नायक सिंह एक स्थान से दूसरे स्थान पर गए। दो बार घायल होने के बावजूद उन्होंने वहां से जाने से इनकार कर दिया और पहली पंक्ति की खाइयो पर बने रहे । दुश्मन के पांचवें हमले के दौरान दो दुश्मन सैनिक उनकी पोजीशन के बहुत करीब आ गए, गोलीबारी के खतरों से बचने के लिए करम सिंह अपनी खाई से बाहर निकले और संगीन से दोनों दुश्मन सैनिकों को मार डाला। अपनी असाधारण बहादुरी के लिए लांस नायक करम सिंह को परमवीर चक्र से सम्मानित किया गया जो टीथवाल की लड़ाई में साहस का प्रतीक बन गए। सकलेन अख्तर आकाशवाणी समाचार दिल्ली।**

**********

सरकार अठहत्तरवें स्वतंत्रता दिवस के मौका पर आजु से युवा प्रतिभा ,खातिर कई गो प्रतियोगिता आयोजित कइ रहल हवे। पहिली प्रतियोगता क विसय हौ–**ऑपरेशन सिंदूर – आतंकवाद के खिलाफ भारत की नीति को फिर से परिभाषित करना।** ई एगो द्विभाषी निबंध प्रतियोगिता हौ। प्रतियोगिता के शीर्ष तीन विजेता के दस–दस हजार रूपिया क नकद ईनाम दिहल जाई। इच्छुक प्रतिभागी प्रतियोगिता में हिस्सा लेवे खातिर माई जी ओ वी के वेबसाइट पर जा सकेले  प्रतियोगिता ई महीना के तीस तारीख ले खुलल हवे।

**********

केंद्र सरकार के विकसित कृषि संकल्प अभियान–दुइ हजार पचीस के अंतर्गत प्रदेस के सज्जों जिलन में कृषक–वैज्ञानिक के थीम पर कार्यक्रन क आयोजन कइल जा रहल हवे। ईहे सिलसिला में आजु मेरठ के दबथुआ में आयोजित किसान चौपाल कार्यक्रम में केन्द्रीय कृषि मंत्री शिवराज सिंह चौहान सामिल भइले। येह मौका पर उहां के कहलीं कि खेती क लागत घटावल अउर पैदावार बढ़ा के किसानन के समृद्ध कइल विकसित कृषि संकल्प अभियान क मुख्य उददेश्य हौ। कार्यक्रम में प्रदेस क कृषि मंत्री सूर्यप्रताप शाही, कृषि राज्य मंत्री बलदेव सिंह औलख के लेके कई गो जनप्रतिनिधियो मौजूद रहले।

**********

बुन्देलखण्ड विश्वविद्यालय झांसी के संचालन में बीएड संयुक्त प्रवेश परीक्षा आजु प्रदेस के कई गो जिलन में बनावल गइल परीक्षा केन्द्रनन पर दुइ गो पाली में पूरा भइल। पहली पाली क परीक्षा भिन्नही नौ बजे से बारह बजे ले अउर दुसरके पाली का परीक्षा दुपहरिया दुई बजे से संझा पांच बजे ले भइल। बीएड प्रवेश परीक्षा के लेके कई को सहरन में यातायात व्यवस्था में बदलाव कइल गइल रहल । समाचार मिलले ले कउनहू परीक्षा केन्द्र पर कउनहू तरह क अप्रिय सूचना नाही रहल।

**********